



Pou Piblikasyon Imedya: 17/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV 38.2 MILYON DOLA POU KONBAT SITIYASYON SANZABRI NAN LARI

Finansman eta a pral etabli uit ekip pwofesyonèl sante konpòtmantal pou reponn a bezwen imedyat Nouyòkè ki san lojman yo

Ekip yo ki enspire sou sa yo ki te itilize avèk siksè nan Vil New York pral deplwaye nan zòn yo nan Eta New York ki gen gwo pousantaj sanzabri nan lari

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse disponibilite 38.2 milyon dola nan finansman eta pou etabli uit ekip Sipò pou Opsyon Sekirite (Safe Options Support, SOS) ki pral bay sèvis sansibilizasyon, angajman ak kowòdinasyon swen entansif pou moun ki nan sitiyaasyon sanzabri nan zòn andeyò Vil New York yo. Finansman atravè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a, ekip sa yo pral enspire yo nan sa yo k ap founi asistans kounye a pou moun ki sanzabri ki rete nan lari yo ak nan sistèm metwo a nan Vil New York epi yo pral deplwaye nan zòn yo nan eta a ki gen gwo pousantaj sanzabri ki nan lari.

"Twòp Nouyòkè k ap viv san lojman nan kominote nou yo, ki manke resous ak sipò yo bezwen pou yo retounen sou pye yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwofesyonèl sansibilizasyon sa yo pral ede bay asistans imedya epi devlope yon relasyon pozitif avèk moun k ap viv nan lari - ede yo jwenn aksè nan sèvis yo ka konte sou yo pou yo kòmanse sou yon chemen ki mennen nan establite".

Ekip Sipò pou Opsyon Sekirite yo gen ladan pwofesyonèl sante konpòtmantal ki espesyalize nan konekte Nouyòkè ki nan sitiyaasyon sanzabri yo ak sèvis enpòtan ak abri. Yo enkli klinisyen ki gen lisans, manadjè swen ak espesyalis parèy yo ki pral travay nan tèt kole avèk gouvènman lokal, patnè kominotè, lopital, lapolis ak lòt yo.

Biwo Sante Mantal Eta a ap bay jiska 4.7 milyon dola pandan senk ane pou etabli chak nan uit ekip yo. Chak ekip yo pral lokalize andeyò Vil New York nan yon zòn nan eta a ki gen bezwen ki pi imedya epi ki pi grav, dapre [demann pou pwopozisyon](#) yo te pibliye semèn pase a.

Ekip menm jan yo te [deplwaye nan Vil New York](#) ane pase pou bay sipò ak asistans pou moun ki pa gen abri ki rete nan lari ak nan sistèm metwo a. Jiska dat, 10 ekip total

te gen plis pase 4,500 rankont sansibilizasyon avèk moun ki te nan sitiyaasyon sanzabri, anpil ladan yo t ap viv ak maladi mantal, avèk prèske 200 moun yo te plase nan anviwònmanabri tanporè ak plis pase 600 ki te dakò resevwa asistans kontinyèl nan men ekip yo.

Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Ekip Sipò pou Opsyon Sekirite yo etabli konfyans ak relasyon avèk kèk nan moun ki pi vilnerab nan eta a, ki souvan difisil anpil pou angaje yo nan sèvis yo. Modèl ekip SOS la ap travay nan Vil New York, epi mwen kontan dèske nou pral genyen ekip nan lòt rejyon nan eta a k ap fè eksperyans gwo pousantaj sanzabri pami moun k ap viv ak maladi mantal".

Ekip Sipò pou Opsyon Sekirite yo travay avèk moun ki nan sitiyaasyon sanzabri pou ede devlope konpetans lavi yo epi ranfòse rezo sipò yo pou yo ka transfere swen yo bay founisè swen sante ki nan kominote a. Anplis sansibilizasyon, ekip yo aksepte referans tou nan lopital, depatman sèvis sosyal, lapolis, founisè kominote ak lòt moun k ap travay nan zòn kote yo entèraji avèk moun ki san lojman yo.

Ekip sa yo itilize Entèvansyon nan Tan Kritik, yon pratik ki baze sou prèv ki ede konekte moun vilnerab yo ak lojman ak sèvis pandan moman difisil tranzisyon yo nan lavi yo. Nan kad modèl sa a, ekip yo byen vit etabli kontak epi fè kontak aktif ak pèsistan pou etabli konfyans ak ankouraje angajman. Ekip yo pral bay aktivite tranzisyon nan swen kowòdone ak sipò, apati moman rekòmandasyon an jiska tranzisyon nan lojman kominote, tretman ak sipò.

Referans yo revize epi kowòdone an kolaborasyon sere avèk Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASS) Eta a, Biwo Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta a, depatman sèvis sosyal lokal yo ak lòt pati konsène kle yo pou asire koneksyon rapid epi anpeche nenpòt sèvis repete. Yo pral bay sèvis pou jiska 12 mwa, plasman anvan ak apre lojman, avèk yon premye sansibilizasyon ak yon peryòd angajman entansif ki gen ladan plizyè vizit pa semèn, yo chak pou plizyè èdtan.

Moun ekip yo angaje yo pral ede avèk konpetans pou jere pwòp tèt yo ak aktivite lavi chak jou nan objektif pou yo atenn efikasite pwòp tèt yo ak rekiperasyon. Sansibilizasyon ekip yo vize fasilite koneksyon avèk sèvis tretman ak sipò.

Anplis ekip Sipò pou Opsyon Sekirite sa yo ak ekip ki ap fonksyone kounye a nan Vil New York, Gouvènè Hochul te mande pou ajoute yon lòt uit ekip - senk nan Vil New York ak twa nan rès eta a - kòm yon pati nan [plan global](#) li pou revize kontinuite swen sante mantal New York la epi redwi radikalman kantite moun ki gen bezwen sante mantal ki pa satisfè. Te anonse pandan Diskou Eta Leta 2023 a, envestisman 1 milya dola sa a sou plizyè ane ki vize elaji radikalman sèvis pou pasyan ekstèn ak pasyan ki entène, etabli nouvo klinik sante mantal nan lekòl pou elèv yo, kreye 3,500 inite lojman adisyonèl pou moun ki gen maladi mantal ak elaji kouvèti asirans pou sèvis sante mantal.

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Modèl sa a rekonèt plizyè defi anpil moun ki nan sitiyasyon sanzabri epi k ap viv nan lari yo ap fè fas. Li te pwouve li se yon siksè nan konekte moun nanabri ak sèvis ki pa gen gwo obstak. Agrandisman pwogram sa a gras a Gouvènè Hochul pou kominote andeyò Vil New York yo byenvini epi li bay espwa pou kèk Nouyòkè parèy nou ki pi vilnerab yo".

Komisè Biwo Sèvis pou Adiksyon ak Sipò a, Chinazo Cunningham, te deklare, "Nou konnen sanzabri yo pami kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab yo. Nou dwe kontinye fè tout sa nou kapab pou satisfè bezwen moun ki san lojman yo. Ekip Sipò pou Opsyon Sekirite yo pral enpòtan pou ede rankontre moun kote yo ye nan yon fason ki pa kreye estigmatizasyon, ki san jijman pou ede konekte yo ak pwogram ak sèvis apwopriye yo".

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Ensekirite lojman se yon pwoblèm k ap grandi nan vil yo ki nan nò eta yo, epi mwen ankouraje paske Gouvènè Hochul ap invest nan sipò pou konekte moun ak resous enpòtan yo. Nou dwe rankontre moun yo kote yo ye a pou yo ka volontèman chèche tretman yo bezwen, epi mwen espere ke pwogram sa yo pral gen siksè nan kominote nou an".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418